

[**◀Atik
anvan-an**](#)[**Gid jénéral-la**](#)[**Atik▶
apré-a**](#)

TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

DÉZIÈM SÉKSION **Dis kòmandman-yo**

PRÉMIÉ CHAPIT

**« Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou
la ak tout kè-ou, ak tout nanm-ou, ak
tout éspri-ou »**

ATIK 2 ***Dézièm kòmandman-an***

« Pa pran non Granmèt la, Bondié-ou la, pou jouèt » (Ex 20, 7 ; Dt 5, 11).

« Yo té di ansyin yo : “Pa fè fo-sèman” [...] Mouin minm mouin di nou pou nou pa fè sèman ditou » (Mt 5, 33-34).

2807-2815

I. Non Granmèt-la sin

2142

Dézièm kòmandman-an *bay lòd pou réspékté Non Granmèt-la*. Li sòti nan bon kalité (vèrtu) rélijion-an, minm jan ak prémié kòmandman-an, épi, yon fason pi patikilié, li réglé fason nou sèvi ak paròl-nou nan réalité ki sin-yo.

2143

203

435

Pami tout paròl Révélation Bondié-a, gin youn ki spésial, sé révélation pròp Non-l nan. Bondié konfié Non-l bay moun ki kouè nan li-yo ; li révélé pròp tèt-li ba yo nan mistè pèsonèl pa-l la. Kado Non-an fè pati domèn konfians ak intimité-a. « Non Granmèt-la Sin ». Sé poutèt sa moun-nan pa doué sèvi mal avèk li. Li doué konsèvè-l nan mémoua-l nan silans rinmin-an ak adorasion-an (cf. Za 2, 17). Li pap mété-l nan pròp paròl pa-l si sé pa pou bénî-l, fè louanj li, ba-l goua (cf. Ps 29, 2 ; 96, 2 ; 113, 1-2).

2144 Réspé aléga Non li-a eksprimé réspè yo doué Bondié li-minm épi tout réalité sakré sa impliké. *Santiman réspè sa-k sakré-a* fè pati bon kalité (vertu) rélijion-an :

« Santiman krint-la ak réspè sakré-a, èské sé santiman yon krétyin yo yé : oui ou non ? [...] Pèsonn moun pa kapab douté osijè bagay sa-a yon fason rézonab. Sé santiman nou t-a ginyin, min nan yon dégré pi fò, si nou t-a ouè Bondié ki anro nèt-la. Sé santiman nou t-a ginyin, si nou té “konsian” prezans-li. Nan mézi nou kouè li prézan, nou doué gin santiman sa-yo. Pa ginyin yo sé pa pran konsians bagay sa-a, sé pa kouè li prézan » (Newman, *Parochial and Plain Sermons*, v. 5, Sermon 2 [Westminster 1967] : pp. 21-22)

2145 Fidèl-la doué témoagné Non Bondié, antan li déklaré lafoua-l san-l pa
2472, 427 pè anyin (cf. Mt 10, 32 ; 1 Tm 6, 12). Aksion préché-a ak aksion fè katéchèz-la doué plin adorasion ak réspè pou Non Granmèt nou Jézu-Kri.

2146 Dézièm kòmandman-an *intèdi sèvi mal ak Non Bondié*, sètadi, tout itilizasian ki pa konvnab ak Non Bondié, ak Jézu-Kri, ak sint Vièj Mari épi ak tout sin-yo.

2147 *Promès-yo*, sa yo fè yon lòt nan Non Bondié angajé onè, fidélité,
2101 vérité ak otorité Bondié. Yo doué réspékté yo poutèt jistis-la. Infidélité parapò a promès sa-yo sé sèvi mal ak Non Bondié épi, yon sètin fason, sé fè konsidéré Bondié kòm yon mantè (cf. 1 Jn 1, 10).

2148 *Blasfèm-nan* kontrè dirèktéman ak dézièm kòmandman-an. Sé dékläré paròl rayisans, repròch, provokasion – intériè oubyin ékstériè – kont Bondié, antan yo palé mal osijè-l, yo manqué-l réspè nan mo yo di, yo abizé Non Bondié. Sin Jak kondané moun k-ap « déréspékté bèle non-an [Jézu], sa yo té rélé sou [...] yo-a » (Jc 2, 7). Intèdiksion blasfèm-nan rivé tous nan paròl kont l’Égliz Kris-la, sin-yo, bagay ki sakré-yo. Sé yon blasfèm tou pou sèvi ak Non Bondié pou kouvri aktivité kriminèl, pou rédui pèp-yo nan ésklavaj, pou tötiré oubyin touyé. Sèvi mal ak Non Bondié pou komèt krim fè moun réjté rélijion-an.

1756 Blasfèm-nan kontrè ak réspè yo doué Bondié épi Non-l ki sin-an. Nan pròp nati-l sé yon péché grav (cf. CIC, can. 1369).

2149 *Souété malè (jurons)*, antan yo mété Non Bondié ladan-l, minm san intansion blasfèm, sé manqué Bondié réspè. Dézièm kòmandman-an intèdi pran Non Bondié-a pou *pratik majik*.

« Non Bondié-a gran, sé koté poutèt grandè-l yo prononsé-l ak réspè. Sé pousa yo di Non-l sin koté yo nonmin-l ak réspè épi krint ofansé-l (S. Augustin, serm. Dom. 2, 45, 19 : PL 34, 1278).

II. Prononsé Non Granmèt-la pou bay manti

- 2150 Dézièm kòmandman-an *intèdi fo-sèman*. Sèmanté oubyin rélé malè sou tèt-ou (jurer) sé pran Bondié kòm témouin bagay n-ap di. Sé invoké vérasité Bondié kòm garanti pròp vérasité pa nou. Sèman-an angajé Non Granmèt-la. « Sé Granmèt Bondié-ou la pou-ou réspékté, sé li minm pou-ou sèvi, sé sou Non-l pou-ou fè sèman » (Dt 6, 13).
- 2151 ²¹⁵ Kondanasion fo-sèman-an sé yon dévoua aléga Bondié. Kòm Kréatè ak Granmèt, Bondié sé règ tout vérité. Paròl moun-nan an akò oubyin opozé ak Bondié ki vérité-a minm. Fè sèman, lè sé vérité, sa léjitim, li kléré rapò ant paròl moun-nan ak vérité Bondié-a. Fo-sèman-an rélé Bondié pou-l témouin yon manti.
- 2152 ²⁴⁷⁶ Moun ki fè yon promès antan-l sèmanté alòské li pa gin intansion kinbé promès-la, oubyin apré-l fin promèt ak sèman li pa kinbé promès-la, sé yon “*parjure*” (movèz-foua, mantè). “*Parjure*” (movèz-foua) ki grav-la sé yon fot kont réspè aléga Granmèt tout paròl. Angajé tèt-ou ak sèman pou fè yon bagay ki pa bon, sa kontré ak Non Bondié ki sin-an.
- 2153 ¹⁷⁵⁶ Jézu té présentanté dézièm kòmandman-an nan sèmon sou mòn-nan : « Nou té tandé ankò yo té di ansyin-yo : “Pa fè fo-sèman, rinnèt Granmèt la sa-ou promèt nan sèman-ou yo”. Mouin minm mouin di nou pou nou pa fè sèman ditou [...]. Sé pou paròl ou “oui, oui ; non, non” ; sa-k an plis nan bagay sa yo, sé nan pabon-an li soti » (Mt 5, 33-34. 37 ; cf. Jc 5, 12). Jézu aprann nou : tout sèman gin yon rapò ak Bondié épitou yo doué onoré Bondié ak vérité-l la nan tout paròl y-ap di. Diskrézion lè nou apuiyé sou Bondié nan langaj-la maché ansanm ak atansion pou réspékté prezans li-a, nou témougnè prezans sa-a oubyin nou ba-l désépsion nan chak sa nou di.
- 2154 Tradision l'Égliz-la, antan l-ap suiv sin Pòl (cf. 2 Co 1, 23 ; Ga 1, 20), té konprann paròl Jézu-a pa kontè ak sèman-an lè yo fè-l poutèt yon rézon grav ki jis (parégzanp, dévan yon tribunal). « Sèman-an, sétadi invokasion Non Bondié-a kòm témouin vérité-a, yo pa doué prétè-l si sé pa ak vérité, ak disènman épi ak jistis » (CIC, can. 1199, § 1).
- 2155 ¹⁹⁰³ Poutèt Non Bondié-a sin, sa mandé pou yo pa sèvi ak li pou bagay ki pa gin inpòtans ni pou yo pa prétè yon sèman nan sikontans ki t-a fè yo intèprétré-l kòmsi y-ap aprouvé pouvoua ki égzijé-l yon fason ki injis. Lè otorité sivil ki pa léjitim égzijé yon sèman, yo gin doua réfizé fè-l. Yo doué réfizé-l lè yo mandé-l pou finalité ki kontré ak dignité moun-yo oubyin kominion l'Égliz-la.

III. Non krétyin-an

2156 Yo bay sakréman Batèm-nan « o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an » (Mt 28, 19). Nan batèm-nan, Non Granmèt-la fè moun-nan vîn sin, épi krétyin-an résévoua pròp non pa-l nan l'Égliz-la. Sa kapab non kèk sin, sètadi, disip ki té viv yon lavi fidélité égzanplè pou Granmèt li-a. Patronaj sin sa-a bay yon égzanz épí ofri intèsésion-l. « Non Batèm-nan » kapab éksprimé tou kèk mistè krétyin oubyin kè bon kalité (vertu) krétyin. « Paran-yo, parinn ak marinn-yo épí kuré parouas-yo doué véyé pou yo pa bay prénon ki kontré santiman krétyin-an » (CIC, can. 855).

2157 Krétyin-an kòmansé jounin-l, priyè-l épí aksion-l yo ak sign lakoua-a « o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. Amèn ». Moun ki batizé-a doué konsakré jounin-l pou gloua Bondié épí mandé lagras Sovè-a k-ap pèmèt li aji nan Éspri-a kòm pitit Papa-a. Sign lakoua-a ba nou fòs nan tantasion-yo ak difikilté-yo.

2158 Bondié rélé chak moun ak non-l (cf. Is 43, 1 ; Jn 10, 3). Non tout moun sakré. Non-an sé yon imaj pèsonalité moun-nan. Li mandé réspè, kòm sign dignité moun ki poté-l la.

2159 Non yo résévoua-a sé yon non pou tout tan. Nan Rouayòm-nan, karaktè sékrè épí spésial chak moun ki maké ak Non Bondié-a pral kléré nan limiè an plin. « Sa-k ranpôté viktoua-a [...] m-ap ba-l yon ti ròch blan, épí sou ti ròch la, gin yon non nouvo ki ékri, pèsonn pa konnin-l sof sa-k résévoua-l la » (Ap 2, 17). « Mouin ouè : sé yon Mouton ki té kanpé sou mòn Siyon, avèk li té gin sankarankat mil ki gin non-l ak non Papa-l ékri nan fron yo » (Ap 14, 1).

RÉZIMÉ

- 2160 « *Granmèt, Granmèt nou, ala li puisan non-ou nan, sou tout tè-a* » (Ps 8, 11).
- 2161 *Dézièm kòmandman-an bay lòd pou réspékté Non Granmèt-la. Non Granmèt-la sin.*
- 2162 *Dézièm kòmandman-an intèdi tout fason pou sèvi ak Non Bondié ki pa konvnab. Blasfèm-nan sé lè yo sèvi ak Non Bondié, Jézu-Kri, sint Vièj Mari épí sin-yo yon fason ki déréspéktan.*
- 2163 *Fo-sèman-an rélé Bondié pou-l vîn témouin yon manti. “Parjure”-la sé yon fot grav kont Granmèt-la, li-minm ki toujou fidèl nan promès li-yo.*
- 2164 « *Yo pa doué sèmanté ni sou Kréatè-a ni sou okinn kréati, sof si gin toua bagay sa-yo ansanm : vérité, nésésité, réspè* » (S. Ignace, ex. spir. 38).

- 2165 *Nan Batèm-nan krétyin-an résévoua non-l nan l'Égliz-la. Paran-yo, parinn ak marinn yo épi kuré parouas-la doué veyé pou yo ba li yon prénon krétyin. Patronaj yon sin bay yon égzanp rinmin épi yon garanti priyè-l.*
- 2166 *Krétyin-an kòmansé priyè-l yo ak aksion-l yo ak sign lakoua-a « o non Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an. Amèn »*
- 2167 *Bondié rélé chak moun ak non-l (cf. Is 43, 1).*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)